

**PEMBELAJARAN MENGINTERPRETASI DRAMA YANG
DITONTON MENGGUNAKAN METODE PEMBELAJARAN
CONTEXTUAL TEACHING AND LEARNING
PADA SISWA KELAS VIII SMP PASUNDAN 7 BANDUNG
TAHUN PELAJARAN 2017/2018**

ku
RESTI KURNIASARI
NIM 145030048

RINGKESAN

Ngainterpretasi drama nu ditonton nyaeta salah sahiji pangajaran pikeun ngababarikeun siswa dina ngembangkeun kreativitas. Kumargi kitu, pangarang muserkeun ngalakonan panalungtikan ngeunaan "Pangajaran Ngainterpretasi Drama nu ditonton Ngagunakeun Metode Pangajaran Contextual Teaching and Learning pikeun murid kelas VIII SMP Pasundan 7 Bandung. Masalah dina panalungtikan ieu nyaeta: 1) Dupi pangarang tiasa ngarencanakeun, ngalaksanakeun jeung nganilai pangajaran ngainterpretasi drama nu ditonton ngagunakeun metode Contextual Teaching and Learning? 2) Dupi murid kelas VIII SMP Pasundan 7 tiasa ngainterpretasi drama nu ditonton? 3) Epektip henteuna metode pangajaran Contextual Teaching and Learning dilarapkeun dina pangajaran drama nu ditonton? 4) Aya henteuna nu ngabedakeun hasil di ajar murid nu ngagunakeun metode Contextual Teaching and Learning jeung metode Inside Outside Circle? Tujuan panalungtikan ieu dumasar kana masalah nu parantos dirumuskeun ku pangarang, nyaeta pikeun nganyahokeun kamampuan pangarang, murid, jeung tepat henteuna metode Contextual Teaching and Learning dilarapkeun dina pangajaran ngainterpretasi drama nu ditonton pikeun murid kelas VIII SMP Pasundan 7 Bandung. Metode nu digunakeun ku pangarang nyaeta metode eksperimen, jeung teknik nu digunakeun nyaeta studi pustaka, observasi, uji coba, jeung tes. Salajengna, hasil panalungtikan-na nyaeta: 1) pangarang tiasa ngarencanakeun, ngalaksanakeun jeung nganilai pangajaran ngainterpretasi drama nu ditonton; 2) murid kelas VIII eksperimen SMP Pasundan 7 Bandung tiasa ngainterpretasi drama nu ditonton kalayan leres; 3) metode Contextual Teaching and Learning leuwih epektip tibatan metode Inside Outside Circle. Kabuktian tina hasil data indeks gain, responden kelas eksperimen kening 63.3% aya dina kategori luhur, samentawis kelas kontrol mah 63.3% responden dina kategori pantes; 4) aya bedana hasil di ajar murid nu ngagunakeun metode Contextual Teaching and Learning tibatan metode Inside Outside Circle. Hal ieu kabuktian ku bedana data pretes jeung postes kelas eksperimen leuwih gede ti kelas kontrol nyaeta rata-rata pretes 45.92 jeung postesna 86.57, samentawis kelas kontrol mah mung 18.42 jeung 22. Dumasar kana hasil panalungtikan, pangarang nyimpulkeun yen pangajaran ku metode Contextual Teaching and Learning epektip diangge dina ngainterpretasi drama nu ditonton di kelas VIII SMP Pasundan 7 Bandung.

Kata Konci: *Ngainterpretasi, drama, metode, Contextual Teaching and Learning.*